



Ede Pasyan yo Sivivan yo, ak Moun k ap pran Swen yo

Help for Patients, Survivors, and Caregivers – Haitian Creole

Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) ofri sipò nan kominote ou ak sou entènèt Ale sou sitwèb **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345** pou jwenn plis enfòmasyon.

Sant enfòmasyon gratis sou kansè

Sant Nasyonal Enfòmasyon sou Kansè Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) ofri èd pandan w ap swiv tretman pou kansè. Pou fè sa nou konekte ou avèk ekip nou ki resevwa fòmasyon pou bay swen pou reponn kesyon ou yo konsènan yon dyagnostik, pou idantifye resous yo, oswa pou bay yon zòrèy pou koute ou ak konsèy. Nou ofri èd pou jwenn asirans sante, pwogram Sosyete Ameriken pou Kansè, ak referans pou jwenn lòt sèvis. Rele nou nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou **cancer.org** pou kominike avèk nou. Nou kapab ede ou nan lang Anglè, Panyòl, ak plis pase 200 lòt lang avèk yon sèvis tradiksyon.

Materyèl enprime osijè kansè

Materyèl nou yo kapab ede ou ak moun ou renmen yo konprann dyagnostik ou, tretman ou, ak reyaksyon negatif posib yo, epitou yo kapab ba ou enfòmasyon detaye sou pwogram ak sèvis nou yo. Materyèl enprime nou yo disponib pou gratis lè ou kontakte nou nan nimewo **1-800-227-2345** oswa avèk ekip swen ou pou kansè.

Kote pou rete pandan tretman an

Pwogram Hope Lodge® nou bay yon kay estab ki lwen avèk kay pou pasyan ki gen kansè ak moun k ap bay yo swen lè yo gen pou vwayaje pou tretman. Nan kèk zòn kote nou pa gen yon kominote Hope Lodge oswa si li ranpli, Pwogram Patnè Otèl nou an kite pasyan yo ak moun k ap pran swen yo rete pou gratis oswa nan tarif redui nan otèl ki pre kote y a p resevwa tretman an.

Woulib pou ale nan tretman

Youn nan pi gwo blokaj pou bon kalite tretman apwopriye pou kansè se lè pasyan an pa jwenn sèvis

transpò. Fanmi ak zanmi ka ede ou, men apre anpil mwa, yo ka pa toujou gen tan oswa resous pou bay woulib la nan chak deplasman. Se rezon sa a ki fè Sosyete Ameriken pou Kansè te kòmanse pwogram Road To Recovery®. Se nan kè travay nou toutbon pou retire baryè pou resevwa bon kalite swen sante lè nou bay pasyan yo sèvis transpò pou yo ale nan randevou pou tretman ak lòt randevou ki asosye avèk kansè gras ak chofè volontè, patnè, ak òganizasyon kominotè.

Navigasyon pasyan

Navigatè pasyan nou yo, ki disponib nan anpil lopital toupatou nan peyi a, ede pasyan yo resevwa sèvis yo bezwen yon fason pou rès ekip swen kansè a kapab konsantre sou tretman an. Navigatè pasyan yo kapab bay enfòmasyon sou kansè ak tretman ki adapte pou dyagnostik chak pasyan, ede yo jwenn resous lokal ire yo resevwa tretman yo bezwen an, ak plis.

Cancer Survivors NetworkSM

Ale sou sitwèb **csn.cancer.org** pou antre nan kominote entènèt nou an pou moun ki gen kansè ak fanmi yo. Jwenn sivivan yo avèk lòt moun nan tretman, sivivan anpil tan yo, oswa moun k ap bay swen nan rechèch manm nou an, konsèy diskisyon, espas diskisyon ak imèl Rezo Sivivan Kansè yo.

Reach To Recovery[®]

Pwogram Reach To Recovery asosye pasyan ki gen kansè tete avèk volontè ki resevwa fòmasyon epi ki te gen dyagnostik ak plan tretman sanblab pou bay yo sipò youn-pou-lòt.

“tlc” – Tender Loving Care®

Piblikasyon “tlc” (*Tender Loving Care*) nou ofri pwodui bon-mache pou pèt cheve ak mastektomi pou fanm k ap siviv avèk kansè ak konsèy sou fason pou yo itilize pwodui yo. Kèk nan pwodui yo se perik, cheve atifisyèl, chapo, tiban, fòm tete, soutyen mastektomi, kamizòl ak mayo beny pou mastektomi. Rele nimewo **1-800-850-9445**, oswa ale sou sitwèb “tlc”™ nan **tlcdirect.org** pou fè kòmman pwodui ak katalòg.

Liv Sosyete Ameriken pou Kansè

Nou gen plis pase 40 liv ki resevwa pri sou sèten kansè, enfòmasyon jeneral sou kansè, fason pou bay swen, fason pou siviv avèk kansè ak reyaksyon negatif yo, sipò emosyonèl, liv pou fanmi ak timoun, ak plis lòt. Ou kapab achte liv ak liv elektwonik (e-book) Sosyete Ameriken pou Kansè sou sitwèb **cancer.org/bookstore**, oswa nan libreri detayan yo ki toupatou nan peyi a. book retailers nationwide.

Gid ak resous pou lè yon moun se sivivan

Nou gen materyèl pou sivivan yo pou ede yo avèk kalite lavi ak lòt bezwen pandan ak apre tretman kansè. Gid nou yo pou moun ki se sivivan kansè pou sèten kansè ede doktè yo kontwole bezwen inik sivivan yo, epi gid nou yo pou nitrisyon ak egzèsis fizik pou sivivan yo ede ou konnen fason pou viv lavi ou pi byen epi tou pou redui risk ou pou kansè a retounen sou ou.

(Tranplèn Apre Kansè (Springboard Beyond Cancer)

Zouti sa a la sou entènèt pou sivivan kansè yo, se Sosyete Ameriken pou Kansè ki te kreye li, epi tou li disponib sou sitwèb **survivorship.cancer.gov**. Pasyan yo ak sivivan yo kapab kreye kat aksyon pèsonèl, koleksyon pèsonèl enfòmasyon yo chwazi pou ede yo kominike pi byen avèk moun k ap bay yo swen ak ekip swen sante yo pou kontwole swen fizik ak swen emosyonèl yo apre doktè dekouvri yo gen yon kansè.

Pou moun k ap pran swen pasyan yo

Kansè afekte oumenm ak moun ou renmen yo. Enfòmasyon nou yo pou moun k ap pran swen pasyan yo sou sitwèb **cancer.org/caregivers** ede yo bay swen pou ou pandan y ap sonje bezwen pa yo epi montre yo kijan pou

yo mande èd ak sipò. Yo kapab ale tou sou sitwèb **csn.cancer.org** pou jwenn fowòm moun k ap bay swen pou pasyan yo.

Etid Klinik

Si ou ta renmen jwenn enfòmasyon sou etid klinik ki ta bon pou ou, kòmanse mande doktè ou si klinik ou oswa lopital ou fè etid klinik oswa kontakte nou nan nimewo **1-800-227-2345** pou pale avèk youn nan manm ekip swen nou ki resevwa fòmasyon.

cancer.org

Sitwèb nou bay aksè nan dènye enfòmasyon egzat sou kansè epi li ede ou jwenn pwogram ak sèvis ki nan zòn ou. Men kèk paj nòt:

- **cancer.org/survivors** – yon sant pou sipò ak sijè sou tretman ak zouti pou lè ou se yon sivivan ak kèk istwa lespwa pou enspire ou
- **cancer.org/videos** – prezante videyo pwen-pa-pwen sou sijè ki asosye avèk kansè, tankou eleman debaz kansè, tretman kansè, etid klinik, pwogram ak sèvis Sosyete Ameriken pou Kansè, efè lè ou se yon sivivan, istwa pèsonèl, ak plis
- **cancer.org/treatmentdecisions** – zouti ak resous pou pran desizyon pou tretman kansè pou ede ou pase etap dyagnostik ak tretman kansè
- **cancer.org/support** – plis enfòmasyon sou Sosyete Ameriken pou Kansè ak lòt pwogram ak sèvis ki nan zòn ou
- **cancer.org/phm** – enfòmasyon ak dokiman swivi pou ede pasyan yo òganize eksperyans yo kansè ak navige sou li
- **cancer.org/languages** – lyen pou moun ki pa pale Anglè pou yo jwenn enfòmasyon sou kansè nan lòt lang
- **Dyalòg Andirèk** avèk ekip swen nou ki resevwa fòmasyon depi ou ale sou sitwèb **cancer.org** epi ou klike sou “Live Chat”



cancer.org | 1.800.227.2345

